ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№3 (21.661) ● 2010 гъэм щІышылэм (январым) и 14, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым игъэхьэныра зэгурыІуэныгъэхэм я Іуэхуки

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Парламент зэхуакуэ зэдэлэжьэныгъэ егъэкІуэкІыным теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Белгород областым и Думэм, Калининград областым и Думэм, Хакасие Республикэм и Совет Нэхьыщхьэм зэгурыІуэныгъэхэр зэрарищІыдІар дыІыгъын.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентымрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэмрэ щыгъуазэ защІын папщІэ яхуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іи ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№242-П-П

Электроннэ кІэлъыплъынытъэ

● ЩІЭ

Дызыхыхьа 2010 гъэм и япэ махуэм щышІэдзауэ гъэгурэм зэрыщызекІуэм зэрыкІэлъыплъ щыкІэм зэхъуэкІыныгъэщІэхэр игъэуташ. Абы теухауэ щытащ иджыблагъэ КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м щекІуэкІа зэІуданэр. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкэ» министру республикэм щыІэ Томчак Юрий зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ бгъэдыхьэкІэщІэр гъэгъуэ щызэфІэуа щытыкІэ гугъуэм кърикІуац.

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, 2009 гъэм гъуэгу насыпыншагъэу 680-м щигъу къэхуэати цІыху 220-м нэблагъэ хэкІуэдащ, фэбжь зыгъэтхэхэр 850-м щІегъу. Республикэм транспорт 184986-рэ щаткащ, икІи япэ ита ильэсым елЫтауэ ар 2009 гъэм проценти 5-кІэ нэхъыбэщ. КьыззралытэмкІэ, а бжьыгъэм адэкІи хэхъуэнущ.

Министрым зэрыжиІамкІэ, КъБР-м гъуэгу шынагъуэншагъэр 2007 - 2010 гъэхэм щегъэфІэкІуэным теухуа республикэ программэм ипкъ иткІэ, гъуэгум зэрыщызекІуэм зэрыкІэлъыплъ автоматизированиэ Іэмэпсымэщ1эхэр ягъэувац икІи а псори зезыгъакІуэ Центр кьызэІуахьныр абы кьриКІуац.

Гъуэгум зэрыщызекІуэм зэрыкІэлъыплъ икІи ар зезыгъакІуэ техникэ системэщІэм щытепсэлъыхьым УГИБДД-м и унафэщІ Кьудей Арсен кьыззрихиГъэщамкІэ, Іэмэпсымэщ1эр хабзэр зэрагъэзащІэм кІэлъопльп, ар кьыщызэпаудкъэхьумэ, автомашинэ ирахужьнри хэтэу гъэзэлъагъуэ, аварие кьыщыхъункІэ хьуну щІыпІэхэри еубзыкъ. Абы и фІыгъэкІэ гъуэгу кьыззэтебгъэувыІэфынущ, щытыкІэр щыгугъу, цІыху куэд щызэтрихьэ кьыщемызэгъ щыпІэм и чэзум гъуэгу плырхэр нэсынир кьыззгъэпэща хьунущ. Иджыпсту апхуэдэ кІэлъыплъынытъэм щІэтыр Налшык къалэкуцІ, ауэ ильэсым и кІэм зэрыщыту щыхьэрыр кьызэщІиубыдэнущ.

Кьудейм кьызэрыхигъэщамкІэ, а Іуэху бгъэдыхьэкІэщІэм нэгъуэщІ зы хьэлэмэтагъи нІэщ. Гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр кьызэпызыудамрэ кьэрал автоинспекцэмрэ я зэпыщІэныгъэр автоматикэм тетынущ, езыхэр зэІуэмыщІэу. Хабзэм зэребжьыар, абы и пыщыкІэхэр хуагъэувхэр псори электроннэ техникэм зэфІигъэкІынущ икІи льэныкъуитІми Іуэхум кьемызэгъэшу зыкьагъэльэгъуэныр абы игъэкІуэдынущ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и унафэкІэ ГИБДД-м и ДПС-м и полк щІэрыщІэу кьызэрагъэпэщам и Іэтащхьэу ягъэуващ миллицэм и поліковник Іэрэмысэ Аслъэн. Томчак Юрий зэрыжиІамкІэ, а зэхъуэжьныгъэхэм я фІыгъэкІэ унафэщІ гупыр ягъэмащІэри ДПС-м и инспекторхэр 51-кІэ нэхъыбэ ящІац. Полкым иІэщ фадэ ефар кьызэрапщытэ, гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр кьызэпызыудэр зытх иджырей Іэмэпсымэщ1эхэмкІэ кьызэгъэпэща автомашинэ 26-рэ. А псоми я фІыгъэкІэ республикэм и гъуэгуэм щытыкІэр щефІэкІуэн хуейщ.

Апхуэдэуэ ГИБДД-м щыІэхэм хуищІэ Іуэхутъхьэзэкэри иригъэфІэкІуащ. Шофер тхыльэ и нэгъуэщІ дэфтэр кьеІэзыхьныр чэзум щытынукъым. Инэкіэ запищІэмэ, ар кьыщратыну зэманыр кьыхуагъэльэгъэнурэ, Іуэхур псынщІэу зэфІэкІынущ. ИщхьэкІэ зи гугъу тщІа Центрыр сыт и льэныкъуэкІи зэпэщу ильэсиплым кьриубыдэу зэфІагъэувэнущ. Ар зыхуэят зэуэгъэзым сом мелуан 409-рэ текІуэдэнущ, абы щыщу мелуани 112-рэ федеральнэ бюджетым кьыхэкІынущ. Иджыпсту центрым монитор зыбжанэщ щІэтІыр, дэтхэнэми зэрыкІэлъыплъ камерэу 9 пыщІащ.

УАРДЭ Женя.

ООН-р Секретарь нэхъыщхьэм и лІыкІуэ Несирки Мартин Нью-Йорк зэрыщыжиІамкІэ, Пан Ги Мун и нэІэ тригъэтщ 2009 гъэм и гъэмахуэм Кавказ Ищхьэрэм щаукІа Эстимировэ Наталье и Іуэхур зэрызэхагъэкІым. Ар баззэуэгъуэм и 15-м Грознэ щаныгъуэм, а мазэ дыдэм нукІащ. Эстемировэ Наталье щыхум и хуитынигъэхэр хъумэным елэжьт. «Мемориал» центрым и лэжьакІуэт.

Урысейм и хабзэхъумэ органхэм а Іуэхур зэхэгъэкІынымкІэ дэІэпыкъуну ООН-м жэрдэм кьыхихьыат, арщхьэкІэ, апхуэдэ щІэпхъаджагъэхэр зэхэгъэкІыным лъэпкъ къэрал Іуэхущ1апІэхэм фІэкІа нэгъуэщІ елэжьыну хуит къэзымыщІ законыр тегъэщІапІэ ищри, УФ-м идакъым.

ООН-м и Генеральнэ секретарь Пан Ги Мунрэ цІыхум и хуитынигъэхэр хъумэнымкІэ ООН-м и комиссар Нэхъыщхьэ Пиллай Навиррэ арэзыкьым а щІэпхъаджагъэм Урысейр зэрелэжьымкІэ.

- Дэ псори фІыуэ дыщыгъуазэщ а Іуэхур зэрызэхагъэкІ щыкІэм. Аращ зы къэрали пымыщІауэ а щІэпхъаджагъэр зылэжьахэр къэгъуэтыным ООН-р щІелэжьынур, - жиІащ Несирки Мартин.

Къэпкъ зэхэгъэж

Сириемк «САНА» хьыбареГъащІэ агентствэм кьыззриГъэдэлъ щэм кьыхэщІыкІа кашэхэр, шхухэр, кхъуейльалъэхэр, н.къ. Мы унэ дыдэм кьыщызэІуахащ фадэмрэ тутынымрэ дихьэха цІыхухэм щадэІэпыкъуну центр. Фигу къэдгъэкІыжынщ КъБР-м и Президентым и унафэкІэ ди республикэм мыпхуэдэ центру тІу кьыщызэІуахын хуейуэ зэрыщытар икІи аэр Налшыкрэ Прохладнэ кьалэмрэ дэтын хуейуэ зэрытраухуар.

Прохладнэ къалэм кьыщызэІуахащ сабий кьалъхуагъащІэхэм папщІэ гъэшхэкІзмыдІэхужьыщхьэхэр щагъэхьэзыр Іэнатіэ. Къалэ библиотекэр щылажьэу щыта унэжьыр мазитІым кьриубыдэу «Агростройсервис» ООО-м зэригъэпэщыжащ. Ар иджырей ІэмэпсымэкэмкІэ кьызэгъэпэщыныжкІэ кьызэгъэпэщыныжкІэ кьалэ администрацэм мылькукІэ кьыдэІэпыкъуащ «Прохладный тепловэнергэ», «Фармцентр» Іэнатіэхэр, кьалэм и «Электрические сети», «Водоканал» МУПхэр.

САБИЙцІыНэ зиІэ кьалэдэсхэм дяпэкІэ пщІэнІэу иратынущ абы и узынщагъэмкІэ, и зыужьынымкІэ сэбэныпхагъ ин зиІэ вимминлІэужьыгъэхэмкІэ гъэнщІа, фІагъ ин зыбгъэдэлъ щэм кьыхэщІыкІа кашэхэр, шхухэр, кхъуейльалъэхэр, н.къ. Мы унэ дыдэм кьыщызэІуахащ фадэмрэ тутынымрэ дихьэха цІыхухэм щадэІэпыкъуну центр. Фигу къэдгъэкІыжынщ КъБР-м и Президентым и унафэкІэ ди республикэм мыпхуэдэ центру тІу кьыщызэІуахын хуейуэ зэрыщытар икІи аэр Налшыкрэ Прохладнэ кьалэмрэ дэтын хуейуэ зэрытраухуар.

Иджы япэу кьызэІуаха центрыр европей Іэмэпсымэ1кхэмкІэ кьызэрагъэпэщащ. ГуныкьуэгъуэзІэхэм я узынщагъэр лъэныкъуэ куэдкІэ центрым щІэнІэу кьышцапщытэнущ икІи дохутырхэм я зэфІэкІ псори ирахьэлІэнущ фадэмрэ тутынымрэ нэрыгъэхуэхъэхэм ахэр Іэщ1ыб ящІыжьынымкІэ. Сымаджэхэм ирахьэлІэнущ нобэ дуней псом кьыщагъэсэбэп хущхьэуэгъэу нэхъыфІхэр. Мы Іуэхущ1апІэр кьызэІуэным текІуэда мылькур федеральнэ бюджетым кьыхэкІащ. Мыпхуэдэ етІуанэ центрыр ди республикэм кьыщызэІуахынущ 2012 гъэм.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Хамэр гъэшэраши, унэр гъэшэрыуэ.

Іуэхущ1апІэ щІэныгъэкІын щІадзэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *«Регнеуэ» уней автокомпаниим 2010 гъэм щыпыдзэм и 15-м щыщІэдзауэ республикэм автомобиль щызэпкърылъхьэн ирегъэжьнущ.*

ЛЭЖЬЫГЪЭМ кьыщагъэсэбэныну технологиещІэмрэ Іуэху бгъэдыхьэкІэмрэ япкъ иткІэ, заводым автомобиль мини 100 кьыщІигъэкІынущ. Абы и фІыгъэкІэ лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ цІыху мини 4-м нэблагъэ кьызэрагъэпэщынущ. Заводым бюджет зэхуэмыдэхэм налогыу сом мелардитхэм нэс ильэсым игъэкІуэнущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Фи ІэщІагъэм фехъулІэну

«Адыгэ псалъэ» газетым щылажьэ псоми си гуапэу сынывохъуэхъу Урысей печатым и махуэмкІэ.

ИДЖЫРЕЙ гъащІэр информацэ ІэнатІэм кьыгуэхьыпІэ имыІэу пыщІащ. Газетхэм, телевидениэм, радиом, Интернетым дэ махуэ кьэс щыгъуазэ дащІ дунейм щекІуэкІ Іуэхухэм.

Журналистхэм я лэжьыгъэм и гъабжьащІ Іэщ1агъэм нэсу щыгъуазэу щытынир, нэфІней хэмыльу кьэхъукъащІэхэр кьэгъэльэгъуэныр. Абыхэм кьызэрагъэпэщыфынущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэмрэ зэрыщыту Урысей къэралыгъуэмрэ зэпІэзэрыту зауэкьынымкІэ Іэмалхэр. Журналистхэм я лэжьыгъэ тэмэмыр щІэгъэкъуэн хуохъу цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр дэгъэкІынымрэ, щІалэгъуэлъэм гъэсэныгъэ тэмэмрэ социальнэ жьдэжрагъ егъэгъуэтынымрэ, экстремизм къэмыгъэхъуным.

Фи Іэщ1агъэм фэ кьыфхуегъэзэн пэжыгъэрэ щыхъугъэрэ фхэлъэныну, зэфІэкІ къэвгъэльэгъуэну. Апхуэдэуэ щыщытхІэ, фэ кьыфпэщытщ хьыбарым и пэжыпІэр щыхуэзэн яІэрывгъэхьэну, жылагъуэмрэ властымрэ я зэпыщІэныгъэхэр вгъэбыдэну.

Нобэрей махуэщхуэм фэ фщыщ дэтхэнэми сохъуэхъу фи Іэщ1агъэм фехъулІэну, республикэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ творческэ ехъулІныгъэхэр фиІэну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ щІалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ и министр **ПАЩТЫ Борис.**

Школ №5-р финалым макІуэ

«Дзэ кьулыкьым ирадзэхэр-2010» урысейпсо дзэспорт спартакиадэм и финалныкъуэ зэхьэзэхуэу Мэзкуу щекІуэкІам Налшык дэт школ №5-м и щІалэгъуалэр щытекІуац.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР зэрызэхэтыну спорт лІэужьыгъуэмкІэ, акъыл жан зэпеуэмкІэ школакІуэхэм ерыщу зыхуагъэхьэзырац. Арати, пэщІдзэ зэпеуэм щызыІэрагъэхьа екъуІэнныгъэхэм якІи ятІупщІ, цІыхуипщІ зыхэт налшыкдэсхэм я командэ кьыхэхар Мэзкуу ирагъэблэгъащ.

Финал ныкъуэ зэхьэзэхуэхэр Физическэ культурэмкІэ, спортымрэ туризмэмкІэ урысей къэрал университетым щекІуэкІащ. Къэбэрдей-Балькъэрым икІа гупым я пашэ, егъэджакІуэ Іэрыпщэ Мурат кьызэрыджІамкІэ, ныбжьыщІэхэм кьыхуагъэува кьалэнхэр фІы дыдэу ягъэззэщІащ. Дэтхэнэрэ зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыщыщхэжаныкІащ, Лу ФатІимэ абсолютнэ чемпион хъущ.

КьищынэмыщІауэ, финал ныкъуэм текІуэныгъэ кьызыщыхьа гупым хэтащ Сыжажэ Ислъам, Дзагуей Мурат, Лобжанидзе Алексей, Тишкіэ Заирэ, Къэгъэззэк Ислъам, Леванов Константин, Орехов Павел, ТекІушэ Эмин, Бэлахъуэ Къантемыр сымэ. Адэкіэ пльапІэр мэлыжьыкьым и кІэхэм екІуэкІыну финал зэхьэзэхуэрэ.

ДЗЭМЫХЬ Лилэ.

● Узыншагъэ

Фадэмрэ тутынымрэ дамыхь щІыкІэ

«УЗЫНШАГЪЭ» лъэпкъ проектым кьызэщІиубыдэ Іуэхухэм иджыри зы щІэуэ кьахэхъуащ. Ар хуэунэтІащ Цыбэм узынщагъэ кьыхуэзымыгъэнэж фадэмрэ тутынымрэ ебэныным. Апхуэдэ кьалэныр зи пщэ дэлъ центрхэр мы зэманым Урысейм и щІыналъэ куэдым кьыщызэІуах. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балькъэрри. Центрхэр япэу кьыщызэІуахынущ Налшыкрэ Прохладнэ кьалэмрэ. Гуныкьуэгъуэ зиІэхэм я узынщагъэр зэфІэгъэувэжьным зэфІэкІыу яІэр ирахьэлІэнущ Іэзагъ ин зыбгъэдэлъ Іэщ1агъэлІхэм. Прохладнэ кьалэм мыпхуэдэ центр, эзман гуэркІэ уэзгъэбэкІыжмэ, щыІащ, арщхьэкІэ и лэжьыгъэр тэмэму хуэзтеублатэкъым, мылЫку зэрыхуримыкъум кьыхэкІыу. Иджы ар ягъэззэкІуэжащ.

Ильэсыщ1эм и пэ кьихуэу лэжьэн зІэздзэну Іуэхущ1апІэм кьекІуалІэ хъунущ я льэр зэрыщІэдзыкІуеймкІэ е зэрыльахъшэмкІэ гуныкьуэгъуэ зиІэхэр, льым хэт холбестеринр, никотинир зыхуэдизыр кьэзыпщытэну хуейкэр. Апхуэдэ сымаджэхэм дяпэкІэ гулъытэ ягъуэтынущ. Іэщ1агъэлІхэм зэрыжьакІэмкІэ, узыфэр пасэу кьахэутэмэ, дохутырхэм Іэмал яІэнущ узыр щхьэщахыну.

Мы центрыр кьызэІухынымкуей адміністрацэмрэ кьалэ сымаджэщымрэ я унафэщІхэр зэгъусэу елэжьащ. Мыбы Іуэхутъхьэзэ яхуищІэфынущ республикэм и куейуэ 6-м.

2012 гъэм ирихьэлІэу ди республикэм апхуэдэ Іуэхущ1апІэу 9 кьыщызэІуахынущ. Центрхэм я унафэщІу щытынухэм я щІэныгъэм щыхагъэхъущ Урысейм Медициндж щІэныгъэхэмкІэ и Академием. Центрхэр нэхъ зыхуеину кьалъытэ Іэщ1агъэлІ 16 федеральнэ бюджетым кьыхэкІ ахъшэкІэ ирагъэжьнущ.

Къэралыр зэрыщыту кьапщтэмэ, дызыхуэкІуэ ильэситым кьриубыдэу кьызэІуахынущ центр 502-рэ. Фадэмрэ тутынымрэ ягъэмэщІэным е хьэфІадзэным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ абыхэм кьалэн щащІынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Зэхьэзэхуэхэр

«Си Къэбэрдей-Балькъэр»

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и сайтым мазэ ипэкІэ щызэхэубла «Си Къэбэрдей-Балькъэр» сурэт зэхьэзэхуэм щытекІуахэр наІуэ къэхъуащ. НэхъыфІхэр зэрыхахар www.president-kbr.ru сайтыр къэзыгъэсэбэпхэм я жьІэм тетущ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР Іыхьэ-Іыхьэу гуэшауэ щытащ. Псалъэм папщІэ, «Къэбэрдей-Балькъэрым и дамыгъэ» Іыхьэм зи лэжьыгъэ щызыІэльэгъуахэм щыщу Іэ нэхъыбэ зыхуаІэтар Муссовэ Марие триха «Хэгъуэгу ебланэ» сурэтырщ. «Республикэм и щІыуэпсыр» нэхъ дахэ дыдэу къэзыгъэлъэгъуар Журт Хьэсэнщ, абы «ПІщэдджыжьым и макъамэ» зыфІища сурэтым ятеІэ Іыхьэр лъагъэсащ. «Къалэ тепльэгъуэхэр» Іыхьэм Лытневэ Викторие щытекІуащ, «Долинск» сурэтыр фІы дыдэу кьалъытэри. «Республикэм и цІыхухэр» Іыхьэм кьыщыгъэльэгъуэ сурэтхэм я нэхъыфІыр Дзыхьмыщ1 Къазбэч и «Ди къэкІуэнур» зыфІищащ. «КъБР-м кьыщыхъухэр», нэхъ гъэщІэгъуэну кьыщыгъэльэгъуауэ кьалъытар Шэрыб Валерэ триха «Кьалэм и махуэ» сурэтырщ.

Фигу къэдгъэкІыжынщ зэпеуэм сурэт техьныр зи Іэщ1агъэхэм, а Іуэхур фІыуэ зыльльэуэ студентхэм, хьэрычэтыщ1Іэхэм, кьулыкъущ1апІэ зэхуэмыдэхэм щылажьэхэм, пенсионерхэрмрэ унэгуащ1эхэмрэ я Іэдакъэщ1экІІыу лэжьыгъэ 227-рэ зэрыхэтар. Ягу ирихьэр кьыхагъэщын мурадкІэ, цІыху мини 5-м щІигъум я Іуэху епльыкІэр сайтым кьыщагъэльэгъуащ. Ар и щыхьэтщ мы зэхьэзэхуэр куэдым зэрафІэхъьэлэмэтар.

Ялэ увыпІэхэр зыхуагъэфэща сурэтхэр республикэм кьыщыдэкІ Іэгъэхэм кьытрадзэнущ, ахэр тезыхахэр КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен иригъэблэгъэнурэ ЩІыхь тхыльхэр, дамыгъэ лъапІэхэр, сауГъэтхэр яритынущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэр йохъуэхъу зэхьэзэхуэм щытекІуахэм, І1эІэтым хэсу псоми абыхэм фІыщІэ хуащІ.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

Иордан хъэрычэтыщІэхэм яІуощІэ

АБХЪАЗ. *Нэгъуэщ1 къэрат Іуэхухэмкіэ министр Шамбэ Сергей иджыдагъэ Іуэщ1аш Иорданым кьикІа хъэрычэтыщІэ гупым .*

АБХЪАЗЫМ и президентым и пресс-Іуэхущ1апІэм кьызэритамкІэ, Шамбэ Сергей хьэщІэхэм яжриІащ Иорданымрэ Абхъазымрэ экономикэ, щэнхабзэ, спорт зэпыщІэныгъэхэр зэхуаІаным мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Апхуэдэуэ кьыхигъэщащ я зэдэлэжьныгъэр зэтраублэн папщІэ Іуэху куэд зэфІахыну кьаззрыпэщІыпІр.

- Дыдэрепльмкіэ, Абхъазми Иорданми кьыщцІэзыІухын хуейщ экономикэмкІэ, щэнхабзэмкІэ кьэралитІым я центрхэр. Абы фІи хьэрычэт кьыхэхэфтхьэну дыщогугъ, - жиІащ Шамбэ Сергей.

Псапэ пылъу

АДЫГЕЙ. *Республикэм щекІуэкІ «ГущІэгъу» псапащІэ Іуэхугъуэр хэгъэзащ сабий зеншэхэм, унагъуэшхуэхэм, хуэмыщІауэ псэуэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, зауэм и ветеранхэм, сымаджэхэм ядэІэпыкъуным, гупытэ яхуэщІыным, - жиІащ епископ Тихон.*

Хьэщ1эм сабий зеншэхэм ильэсыщ1э тыгъэхэр яритащ икІи ядэуэршэращ.

И зэфІэкІыр къалъытэу

Адыгейм и президент, Мемкъуанэ къэрал технологие университетым и ректор Тхьэкъущыкъ Астьхьилэрэм иджыблагъэ хагъэхьащ Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ Европей академием (EAEH).

РЕСПУБЛИКЭМ и президентым и пресс-Іуэхущ1апІэм кьыхэритамкІэ, Академием и Президиумым и унафэкІэ социологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор Тхьэкъущыкъ Астьхьилэрэм 2009 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м EAEH-м хагъэхьащ икІи (Ленбниц Готфрид и цІэр зезыхэ академием и медалыр кьратащ.

● Зэпыщ1ныгъэ

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Гу лъыбэдгъэтэну дыхуейщ щІышылэм и 25 пщІондэ ди газетым Іэ щІэвдзмэ, ар мазаем и 1-м щыщІэдзауэ нызэрыфхуахьынум.

Мазитхум газетым и уасэщ сом 297-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

«Щхьэрыуг1ыпщу дэт ныбжьыщІэхэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щакІэлъыплъыныжрэ балигъ мыхьуахэм хабзэр къыщызэпамыдыныжрэ ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законыр и 17, 30 статьякэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныж и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Щхьэрыуг1ыпщу дэт ныбжьыщІэхэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щакІэлъыплъыныжрэ балигъ мыхьуахэм хабзэр къыщызэпамыдыныжрэ ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым и 17, 30 статьякэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныж и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законыр къэштэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым дежи егъэхьын, абы Іэ щІидзын икІи щІыхьэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налмык къалэ
2009 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м
№193-П-П

«Щхьэрыуг1ыпщу дэт ныбжьыщІэхэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щакІэлъыплъыныжрэ балигъ мыхьуахэм хабзэр къыщызэпамыдыныжрэ ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым и 17, 30 статьякэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныж и Іуэхукі»

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым къыщытащ 2009 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м

«Щхьэрыуг1ыпщу дэт ныбжьыщІэхэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щакІэлъыплъыныжрэ балигъ мыхьуахэм хабзэр къыщызэпамыдыныжрэ ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон №45-Р3-м, 2001 гъэм накъыгъэм и 26-м къащтам «Кабардино-Балкарская правда», 2001, №109-110; 2002, №228; 2003, №211; 2004, №36, 105, 167-168, 320-321; 2005, №22, 117; 121, 151, 241-242; 2006, №93-94; 2007, №194-196, 351-353; «Официальная Кабардино-Балкария», 2008, №9-10, 65-66; 2009, №30) мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 17 статьям и 3-нэ Іыхьэм мыпхуэдэ 6-нэ пунктыр щІыгъун:

«6) социальнэ реабилитацэ хэныкъуэ ныбжьыщІэхэм папщІэ щыІэ Іуэхущапі эхэм, балигъ мыхьуахэм, и администрацэм и тхылъыр, ныбжьыщІэм и унагъуэр, сабий унэр, школ-интернатыр, щрагъадж-щагъасэ щІыпІэ зэІухэр е нэгъуэщІ сабий Іуэхущапі эр зыми емыупщІу ибгынаж», «Балигъ мыхьуахэр щхьэрыуг1ыпщу дэмыгъэтыным, абыхэм хабзэр кьызэпемыгъэудыным теухуа» Федеральнэ законым и 25.1 статьям и 5-нэ пунктым мыхьыщІэльэгъэхэм хуэдэхэм дежи.».

2. 30 статьям и 4-нэ Іыхьэр мыпхуэдэу къэхьын:

«4. Зи унагъуэр, сабий унэр, школ-интернатыр, щрагъадж-щагъасэ щІыпІэ зэІухэр е нэгъуэщІ сабий Іуэхущапі эр зыми емыупщІу зыбгына ныбжьыщІэхэр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм къыщецэжІыным мыльку хуэхэным теухуа хабзэм, ищхьэкІэ зи гугъу щыщІахэр къызэрыращэкІ хабзэр, апхуэдэуи зи унагъуэр, сабий унэр, школ-интернатыр, щрагъадж-щагъасэ щІыпІэ зэІухэр е нэгъуэщІ сабий Іуэхущапі эр зыми емыупщІу зыбгына балигъ мыхьуахэр къезыщэкІыну зи пщэ кьыдэхэу Іуэхущапі эхэр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм еубзыху.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налмык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№66-РЗ

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм «Мэз зэхущытыкІэхэр зэкІэлыгъэкІуэным теухуауэ» и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм «Мэз зэхущытыкІэхэр зэкІэлыгъэкІуэным теухуауэ» и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законыр къэштэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым дежи егъэхьын, абы Іэ щІидзын икІи щІыхьэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налмык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м
№208-П-П

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм «Мэз зэхущытыкІэхэр зэкІэлыгъэкІуэным теухуауэ» и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі»

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым къыщытащ 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм «Мэз зэхущытыкІэхэр зэкІэлыгъэкІуэным теухуауэ» и Закон №100-РЗ-м, 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м къащтам «Кабардино-Балкарская правда», 2007, №390-397; «Официальная Кабардино-Балкария», 2008, №65-66; 2009, №26) мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 3 статьям мыпхуэдэ 3-1-нэ пункт щІыгъун:

«3-1) мэзпарк щІыпІэхэм щыІэ зэхъуэкІныгъэхэр, мэзпарк щыІналъхъэм и инагъыр, щхьэнтІагъэ щагъэкІ щІыпІэхэр къыхэхыныр, мэзпарк, щхьэнтІагъэ щагъэкІ щІыпІэхэм я гъунапкъэхэр гъэувынымрэ абыхэм зегьэхъуэжьынымрэ;».

2. 10 статьям и 1-нэ Іыхьэм:

1) 1-нэ пунктым «30» бжыгъэр «50» бжыгъэмкІэ щызэхъуэкІын;

2) 2-нэ пунктым «10» бжыгъэр «20» бжыгъэмкІэ щызэхъуэкІын;

3) 3-нэ пунктым «5» бжыгъэр «10» бжыгъэмкІэ щызэхъуэкІын.

3. 12 статьяр мыпхуэдэу къэхьын:

«12 статья. Щэн-къэщэхуным теухуауэ зэращІыІа зэгурыІуэныгъэр и лъабжьэу, мэзым щагъэкІ жыгъэр паупщІурэ кІыщыщІаш щытыкІэ хэхахэр

Мэзым щагъэкІ жыгъэр паупщІурэ кІыщыщІаш щытыкІэ хэхахэм хохьэ:

1) къэрал е муниципальнэ Іуэхущхэ хэныкъуэ хьымэ, мэзым пхьэ кІыщыхьэ, щэн-къэщэхуным теухуа зэгурыІуэныгъэр и лъабжьэу;

2) псей (е), апхуэдэу абы и лъэпкъ жыгъэу илъэсыщІэ махуэшхуэхэм деж щІыхуэхэм, юридическэ лицохэм щэн-къэщэхуным теухуауэ иращыІа зэгурыІуэныгъэр и лъабжьэу паупщІхэр, мэз щІыпІэ щхьэхуэхэр яхуэмыхауэ.».

4. 15 статьям и 2-нэ Іыхьэм хэт «ящыщІу» псальэм щІыгъун «езыр-езыру къэкІэр» жиІэу.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налмык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№63-РЗ

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм «Щыхуэхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным теухуауэ» и Законым зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм «Щыхуэхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным теухуауэ» и Законым зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законыр къэштэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым деж егъэхьын, абы Іэ щІидзын икІи щІыхьэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налмык къалэ
2009 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м
№199-П-П

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм «Щыхуэхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным теухуауэ» и Законым зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі»

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым къыщытащ 2009 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м

1 статья. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм «Щыхуэхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным теухуауэ» и Закон №4-РЗ-м, 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м къащтам «Кабардино-Балкарская правда», 1994, №137; 1997, №57-58; 2001, №12, 97; 2003, №9, 256-260, 307; 2004, №167-168, 279, 320-321; 2005, №117, 121, 151, 182, 239; 2006, №93-94, 155, 190-192; 2007, №17-21, 95-97, 194-196, 233-234, 351-353; «Официальная Кабардино-Балкария», 2008, №2, 9-10, 31-32; 2009, №3-4, 30) мыпхуэдэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 60 статьям мыпхуэдэ 5-нэ пункт щІыгъун:

«5. Зи щкол кІуэгъуэ мыхьуахэм щакІэлъыплъ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапі эхэу программэ нэхьыщхьэм тету лажьэхэм екІуалІэ сабийхэм я адэ-анэхэр (хабзэкІэ абыхэм я щкІэ къэувхэм) хуитщ а сабийхэр зи гугъу тщІа организацэхэм зэрыщаІыгъым щІат пщІэм щыщ Іыхьэ (адэкІэ - компенсацэ) кьыІахьыжьну.».

2. мыпхуэдэ 60-1, 60-2 статьяхэри щІыгъун:

«60-1 статья. Зи щкол кІуэгъуэ мыхьуахэм щакІэлъыплъ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапі эхэу программэ нэхьыщхьэм тету лажьэхэм екІуалІэ сабийхэм я адэ-анэхэм (хабзэкІэ абыхэм я щкІэ къэувхэм) Іах пщІэр сабийр зи гугъу тщІа организацэхэм зэрыщаІыгъым текІуадэм и процент 20 нэхьр? нэхьыбэу щыт хьунукым, балигъ мыхьуа бынщ е нэхьыбэ зи!эхэм - текІуадэм и процентн 10 нэхьр? нэхьыбэ. Зи щкол кІуэгъуэ мыхьуахэм щакІэлъыплъ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапі эхэу программэ нэхьыщхьэм тету лажьэхэм екІуалІэ сабий ныкъуэдыкъуэхэм, апхуэдэуи жьэн уэцыфэ зыпкърытаэу зи гугъу тщІы щІа организацэхэм щаІыгъэхэм я адэ-анэхэм пщІэ ятырк1ым.

3. Зи щкол кІуэгъуэ мыхьуахэм щакІэлъыплъ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапі эхэу программэ нэхьыщхьэм тету лажьэхэм екІуалІэ сабийхэм я адэ-анэхэм я пщІэр щагъэувкІэ, а Іуэхутхьэбзэм текІуадэр зыхуэдизыр кьелытг1э Урысей Федерацэм и Правительствэм апхуэдэ хуитныныгъэ зрита гъэзэщІаІуэ властым и федеральнэ органым.

60-2 статья. Зи щкол кІуэгъуэ мыхьуахэм щакІэлъыплъ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапі эхэу программэ нэхьыщхьэм тету лажьэхэм сабийхэр зэрыщаІыгъым пэкІуэ пщІэм щыщ Іыхьэ зэрыратыж щыкІэр

1. Зи щкол кІуэгъуэ мыхьуахэм щакІэлъыплъ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапі эхэу программэ нэхьыщхьэм тету лажьэхэм екІуалІэ сабийхэр гъэсэным, егъэджэным теухуауэ ядэІэпыкъун мурадкІэ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал, муниципальнэ Іуэхущапі эхэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэхэм сабийхэр зэрыщаІыгъым папщІэ абыхэм я адэ-анэхэм (хабзэкІэ абыхэм я щкІэ къэувхэм) Іаха пщІэм щыщу яп1э сабийм щхьэкІэ процент 20, етІуанэ сабийм щхьэкІэ - процент 50, ещанэ, абы кьыкІэлыкІэу сабийхэм папщІэ - процент 70 хуэзэу кьратыж.

Зи щкол кІуэгъуэ мыхьуахэм щакІэлъыплъ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапі эхэу программэ нэхьыщхьэм тету лажьэхэм екІуалІэ сабийхэр гъэсэным, егъэджэным теухуауэ ядэІэпыкъун мурадкІэ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал, муниципальнэ Іуэхущапі эхэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэхэм сабийхэр зэрыщаІыгъым папщІэ абыхэм я адэ-анэхэм (хабзэкІэ абыхэм я щкІэ къэувхэм) яныхэзым.

2. Компенсацэр кьыІахьыну зэрызыхуагъэзащхьэм, апхуэдэуи ар кьызэрыІах щІыкІэм теухуа хабзэхэр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм егъэуэн.

3. Компенсацэм текІуэдэну мылькур Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм.

2 статья. Мы Законым лэжьэн щІедзэ ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налмык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№64-РЗ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Ди псэлъэгъуэхэр

Хъарзынэу зэтоувэ

Иджыпсту гъэм кърикІуахэр щызэхалъхьэж зэманщ. Ар къэдгъэсэбэпри дэ зыхуэдгъэзащ щы-хуишуэ щыпэкІуи Налшык дэт «Вестер» гипермаркетым и унафэщІ Къуэжьокъуэ Артур.

- Артур, лэжьэн зэрыщІэвдзэрэ куэд щІакъым. Абы къыхэкІыу, ящэ щыІэкІэ утедгъэпсэдлъхьынут фи Іуэхур зэтеубла зэрыхъуам.

- Тыкуэныр иІуэситІ и пэкІэ къызэІутхауэ аращ. Ди Іуэхур къыддаІыгъыу абыкІэ хуабжьу къыддэІэпыкъуащ УФ-м и Хъумапі э банкым и щІыналъэ къудамэмрэ «Бум-банк» коммерцэ банкымрэ. Къэтщта щІыхуэхэр гуГъущэ дыдемыхьу допшыныж, хъарзынэуи хэдгъэщІаІуэ жыпІэ хъунущ. Тыкуэныр зэтегъэувэным мы иІъэситІ блэкІам къаруушхуэ етхъэлІащ, ауэ зэрыщытын хуей жыпхъэм иту пори нэсу тхуэзэтеухуауэ щыткъым. Абы и лъэныкъуэкІэ мы гъэми лэжьыгъэшхуэ къытпэщытщ. ИтІани, кьыхэзгъэщынщи, фІыуэ и пэкІэ дыкІуэтауэ кьызолытэ. Иджыпсту зэрыщытым хуэдэу декІуэкІмэ, мылькуу хэтлъхьар тэмэму кьытхуэхъыжьынущ, щІыхуэхэр и пІалъэм тхуэтыжьынущ.

- Сату Іуэхур зэрывунэтІым и гугъу кьытхуэпщІын?

- Тыкуэныр инщ, къатитху мэхъури, и ныкъуэр бэджэнду ттащ, адрейр дэ догъэлажьэ. И лъабжьэ къатым сыт хуэдэ унагъуэ хъэщыпхри щыбгъуэтынущ. Абы щащэхэр фирмэ цІэрыІуэхэм я ІэдакъэщІекІщ. Ягу ирихьа хьэпшып лъапІэхэр ильэс бжыгъэ гуэрым тещІыхьауэ щІыхуэу идотри, и уасэр хуэм-хуэмурэ япшныжь. Мы гъэм щегъэжьауэ щхьэщатыкІыр процент 14-м щІигъунукъым. ЕтІуанэ къатыр дэ езым тІыгъыжщ, ерыскъыхэкІэр гъунэжу щыдощэ. ПщафІэ Іэзэхэр диІэщи, шхын зэмыдІэужьыгъэхэр куэду догъэхъэзыр, щІакъуэ догъажьэ, Іэфы кІэ къыщІыдогъэкІ.

Ещанэ къатым дуней псом щыпашэ фирмэхэм щада щыгъынхэр щащэ, епІанэр «Сабийм и дунейр» тыкуэныр щІ. Абыхэм нэгъабэ сату хъарзынэ яІащ, финанс кризисым кІиша гугъуехьхэми мыІейуэ пэлъэщащ. ЕпІанэ къатыр пщэфІапІэщ икІи шхапІэщ. Абы ди лэжьакІуэхэр пщІэншэу щыдогъашхэ.

- Тыкуэным щІэфлъхьэхэр ахэр кьыщІэзыгъэкІхэм я деж заннщІэу кьыщыфщтэрэ, хьэмэра дэлэлхэм я Іуэхутхьэбзэхэр кьзвгъасэбапра?

- Абы екъэлІа лэжьыгъэ псори ди къаруклІэ зэфІыдогъэкІыж. Іуэхущапі эхэм зэгурыІуэныгъэ яхуди Іэу дызыхуейхэр я деж кьыщыдощтэ. Нэхъыбэу дызыпщІар ерыскъыхэкІхэм елэжь Іэнатіэхэращи, хъарзынэу дызэгуроІуэ, я дэлхъ кьыдагъэз, дэри дгъэщІэхъуркъым.

- Артур, зэрыщІэщи, Іуэхур дэзыгъэкІыр щІыхурщ, абы бгъэдэлъ щІэныгъэрщ, зэфІэкІырщ. Фи лэжьакІуэхэр дауэ кьыхэфхэра?

- ІэщІагъэлІыфІхэр уимыІэу зэманым удэхъуфынукъым. ЛэжьакІуэм кьыбгъэдэкІ жэрдэмым, ихь жэуапльмыгъэр зэрызыхищІэм куэд елъытащ. Аращ ахэр дегугъуу кьыщІыхэтхыр. Тыкуэныр кьыщыззІутхым Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ ІэщІагъэлІхэр Мэкъуу кьитшри зыдэдгъэІэпыкъуащ. ЩэхуакІуэхэм ядэІэпыкъунухэмрэ кассэхэр зыгъэлажьэхунхэмрэ кьыщынэмыщІа, адрейхэр я ІэщІагъэкІэ зэхэхауэ Мэзкуу, Ярославль, Воронеж, Калининград, Белгород къалэхэм щедгъэджащ. Шалъэ пшухькІам тету абыхэм я щІэныгъэм зэпымыууэ хэдгъэхъуэнущ. Си гуапэу къыхэзгъэщынущ сыхуейт ди деж щылажьэ щІыху 400-ри зэгурыІуэу, егуГъуу я ІэнатІэм зэрыпэрытыр. Дэри ар къэдмылытэу къанэрыкъым - мазищ къэс ахъщэ саугъэткІэ догъэгуфІэ. А Іуэхум мылъку хъарзынэ тыдогъэкІуадэ. Хэхауэ фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейт къызэгъэпэщакІуэ Іэзэхэу ерыскъыхэкІхэр щытщэ тыкуэным и унафэщІ Кудаев Аланр, абы и къуэдзэ Къардэн Мурат, хьумакІуэхэм я нэхъыжь Къущхьэ Эдуард, финанс Іуэхуэхэр зезыгъакІуэ Ярославскэ Ксение сымэ. Апхуэдэ лэжьакІуэ жыджэрхэр ди мащІэкъым.

- Ди нэгу зэрыщІэкІщи, нобэрэй зэманыр куэдым кьатохьалъэ. Апхуэдэхэм защІэгъэкъуэным теухуауэ сытхэр фхуэзэфІэкІрэ?

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, хуэмышІахэр, зи зэхуэхэр мащІэкъым. Апхуэдэхэр ди мэщІатэмэ, щымыІэххамэ, дауи, нэхъыфІт. Ауэ, гъащІэм и щытыкІэр щыракІэ, абыхэм дадэмыІэпыкъуу хъунукъым. Дэ дыкъащтэмэ, сабий сымаджэхэм, зеинщэхэм, зи Іэпкъльэпкъым сэкъат иІэхэм, хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, Чернобыль АЭС-м къыщыхъуа гуэвэгъуэм и льэужьхэр гъэкІуэдыжьным хэтахэм тхуэзэфІэкІымкІэ защІэдыдогъакъуэ. Абы кьыдэкІуэу, махуэ къэс цІыху зыбжанэ гуэвэу кьыдбгъэдыхьэрти, министерствэхэмрэ Налшык къалэ округым и администрацэмрэ я лІыкІуэхэр зыхэт комиссэ къызэдгъэпэщауэ кьыдэлъэІуэхэм хэхауэ дадоІепыкъу. Интернатым щыІэ сабийхэм, ныкъуэдыкъуэхэм я «Эдельвейс» кІуэным, «Гу къабзэхэр» щІалэгъуэлэ зэгуэлэныгъэм нэгъабэ хъарзынэу защІэдгъэкъуащ, къалэ сымаджэщым и ремонтым дыхэтащ. ЕджапІэм щыІэс сабийхэр зэхуэтшэсри сурэт щІынымкІэ зэпедгъэуащ, дэтхэнэми тыгъэхэр хуэтщІащ, мы гъэми апхуэдэ Іуэхуитуэ кьызэдгъэпэщынущ.

- Артур, уэ Налшык къалэм ЩІыпІэ самоуправленэмкІэ и Советым уридепутатщ. Жэуапльныгъэшхуэ зыпылъ а къалэныр уи лэжьыгъэм зэран хуэхъуркъэ?

- Иджы етІуанэу а дзыхьыр кьызагъэзри, ар зэрызгъэпэжьыным сыхуящІокъу. Ильэс ебланэ хъуауэ а къалэнри изохьэкІри, депутат лэжьыгъэм мыІейуэ хьзощІыкІ. Советым и комиссиятум ящыщ зым - законэм, щІым, тарифхэм теухуа Іуэхугъуэхэр зыгъэхьэзыры - сриунафэщІ, Къэбэрдей-Балъкъэрым регбимкІэ и Федерацэм сринэхъыжьщ. Уэри зэрыжьІпащи, дэтхэнэри жэуапльныгъэ ин зыпылъ къалэнщ. Ар фІыуэ кьызгуроІуэ икІи ахэр дагъэувмэу зэрызгъэзэжьынымкІэ сыхущІокъу.

Мы ИлъэсыщІэм мурадфІхэр диІэу дыпсэжьащи, а псори кьызэхъулІэн, республикэм нобэ игъуэт зэхъуэкІныгъэ нэрылъагъэхэм уэрафащэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщІыфын Тхьэм дищІ!

Епсэльэр
ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

● Спорт

Футбол

Тренер нэхъыщхьэ КІэбышэ Заур

«Спартак-Налшыкым» и щІалэгъуалэ гупым зэхъуэкІныгъэхэр щекІуэкІащ.

ИЛЪЭС куэдкІэ гупым и тренер нэхъыщхьэу щыта Гъубж Вячеслав и кІуплъыкІэ щихъуэжащ КІэбышэ Заур. Нэхъапэм абы игъасэу щытащ налшыкдэсхэм я «Юность» командэр. Гъубжым и лэжьыгъэм щыпищэнущ клубым хагъэхьа футболистхэр кьыщыхах къудамэм.

Мы махуэхэм Тыркум зыгъэсэныгъэхэр щезыгъэжьыкІ командэ нэхъыщхьэм щІыщыІэм и 12-м ныбжьэгъуэ зэІущІэ дригъэкІуащ 2009 гъэм Къзэахьстаным и Кубокыр къэзыхьа «Атырау». ЗэІущІэр зэрытемыгъэкІуаэ, 0:0-у, ихуащ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Къэбэрдей кърал драмэ театрым Шекспир Уильям итха «Ромеор Джульеттэр» пьесэм къытращыкІа постановкэр щагъэуващ. Абы хэтщ ДыщэкІ КІуэнэр (быфанэ) Сибэч Быхуэр (Джульеттэ).

Сурэтыр 1956 гъэм трахащ.

КІыщокъуэм и цІэр мыкІуэдыжьнщ

● Фэеплъ

Щхьэлыкьуэ кьуажэм дэт курыт еджапІэ № 2-м иджыблагъэ фІащащ Къэбэрдей-Балкъэрым и цІыкІуб з у сакІуэ. Урысейм КъБР-ми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ КІыщокъуэ Алим ПІщымахуэ и къуэм и цІэр. А Іуэхугъуэм иращІэкІа гуфІэгъуэ зэхъыхьэм кърихьэлІат ди республикэм и районхэм, гъунэгъу щІынальэхэм я лыкІуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр, КІыщокъуэм и гуашІэм дихьэххэр, абы и ныхьлыхьэмрэ благъэхэмрэ.

ЗэІУЩІЭМ куэд щыжаІащ КІыщокъуэ Алим теухуауэ. КъБР-м и ТхакІу жэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ КхъуэлІуфэ Хьэчим кьыхигъэщащ КІыщокъуэм и гуашІэр фІым, дахагъэм ухуэзы-шэ гъэгуу зэрыщытыр, адыгэ лъэпкъым и къуэ лэжьым илэжьар зэрыгъуэнэнщэр. КЪэбэрдей-Балкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цІыхубэ усакІуэ Созаев Ахьмэт, КІыщокъуэ Алим гъунэгъуу зыщІыхуу щытам, жиІэн и куэдт тхакІуэр псэ хьэлэу, цІыху хэткІэ дахэ иІэу, кьытщІэхъуэ щІэбгъэм щапхъэ яхуэхъу нэхъыжьыфІу, ныбжьэгъу пэжу зэрыщытам, нэгъуэщІ куэдми екъэІаУэ.

КІыщокъуэм и фэеплъ нэхур хьума зэрыхъуным теухуауэ щыта махуэшхуэм щыІуащ усакІуэм и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэр, абы и усэхэр, апхуэдэуи ягъэІуГъащ тхакІуэм и гъащІэмрэ я лэжьыгъэмрэ теухуа видеофильмхэр.

БЛИЙ Даянэ.

ЗэхъуэкІныгъэ щыІэ

Щэдзэм къалэм щекІуэкІащ район администрацэм и унафэщІым и саугъэтхэр къэхьыщым ехьэлІауэ ялыдж-урым бэнэкІэмкІэ зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ 1997-2000 гъэхэм кьалъуа ныбжьыщІэ 265-р.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР кьыщызэІуахым кърихьэлІащ Щэджэм район администрацэм и унафэщІ Мамбэт Михаил, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий, республикэм спортымрэ туризмэмкІ и министр Афашэ Аслъан, спортсмен щІэныгъэхэр Жаным Аслъан, Кьардэн Мурат, Тау Хьэсэнбий сымэ.

Саугъэтхэм щІэбэнахэм яхэтащ Жэмтхьэлэ кІуажэм и КДЮШС-м и гъэсэнхэри. Апхуэдэу килограмм 50-м щІигъуэм я гупым кьыпэльащи кьыхэкІакьым Жылэ Аршад. ЗэІущІипІ ирихъкІуэкІам псори зэгъэуСу абы І дакьинхэр медан 15-рэ фІэкІа тригъэкІуэдакьым. ЕтІуанэ хъуахэщ Артунов Иманрэ (кг 32-рэ) Тхьэгъэлэдж Рустамрэ (кг 36-рэ). Жэз медалхэр кьалъысащ Гъубжкьуэ Артан (кг 26-рэ), Бегиев Тимур (кг 24-рэ), Кьардэн Артур (кг 34-рэ), Пщыгъуэз Алим (кг 42-рэ), ГъукІэ Рустам (кг 36-рэ) сымэ.

Зэхъэзэхуэм щытекІуакъым медалхэр, дипломхэр, саугъэт льапІэхэр ираташ.

КЪЭХЬУН Бэч.

Экономикэ Политикэ

Махэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Гъавэ

Щ1ымрэ хъерымрэ
